

FON BIZNIS SÈTIFYE POU COVID-19

Majistra Walsh te mete **Fon Soulajman Lwaye Komèsyal pou COVID-19- COVID-19 Commercial Rent Relief Fund** pou travay avèk pwopriyetè biznis ak pwopriyetè/manadjè pwopriyete pou yo bati yon patenarya k ap dire anpil tan pou yo asire biznis yo ka rete ouvè pandan aka pre Pademi COVID-19 la. Nouvo fon sa a, administre ak jere pa Biwo Devlopman Ekonomik Majistra - Office of Economic Development (OED), **pral kòmanse aksepte aplikasyon nan Lendi 16 Novanm 2020. Aplikasyon yo ap fèmen nan Lendi 23 Novanm a 9am.**

Fon an pral:

- Ede pwopriyetè biznis yo ak yon peman dirèk bay pwopriyetè yo
- Bay pwopriyetè yo sibvansyon **jiska \$15,000** pou kouvri lwaye ant 1ye Avril 2020, ak 31 Desanm 2020, nan non pwopriyetè ti biznis la.
- Kreye yon akò ant pwopriyetè ak lokatè ki pou pèmèt lokatè yo rete nan plas komès yo pou yon minimòm 12 mwa apre yo resevwa sibvansyon an.

Nou envite biznis ki gen vitrin nan katye biznis yo pou yo vin aplike pou Fon Soulajman Lwaye Komèsyal la.

Etap pou yo aplike:

1. Si w gen yon biznis epi ou enterese pou w aplike, kontakte pwopriyetè/mèt kay la oswa si w se yon pwopriyetè ki enterese pou w aplike, kontakte lokatè w la.
2. Pwopriyetè biznis yo konplete [Aplikasyon Lokatè pou Fon Soulajman Lwaye Komèsyal COVID-19 la](#). Yo pral kontakte pwopriyetè yo pou pwochen etap **apre** yo resevwa premye aplikasyon an.
3. Pwopriyetè ki aktyèlman pa [anrejistre kòm yon vandè](#) pou Vil Boston pral bezwen anrejistre pandan pwosesis aplikasyon an pou yo ka resevwa peman.

Kondisyon kalifikasyon pou ti biznis yo:

- Biznis yo dwe gen pi piti pase trant senk (35) anplwaye;
- Biznis yo dwe gen pi piti pase \$1,500,000 nan reni anyèl; e
- Biznis yo dwe gen yon espas komèsyal nan Vil Boston nan yon katye komèsyal distri a. Biznis ki fèt nan kay yo pa kalifye pou fon sa a.
- Biznis yo p at dwe an mezi pou yo reouvri akòz òdonans fèmti ijous la (nan Faz 3, Etap 2) oswa te afekte nan yon fason ki pa pwopòsyonèl nan Pandemi COVID-19 la
 - o **Afekte nan yon fason ki pa pwopòsyonèl** vle di yon biznis nan youn nan endistri ki annapre yo:
 1. Sèvis Manje
 2. Komès ki van an Detay
 3. Sèvis (reparasyon, antretyen, sèvis pèsònèl)
 4. Atizay, Divètisman, ak Rekreyasyon
- Biznis yo te dwe an règ avkèk pwopriyetè yo avan 1ye Avril 2020
- Biznis yo te dwe an règ avèk Vil Boston
- Biznis yo dwe siyene [Kontra Komèsyal Pwopriyetè/Lokatè a](#)

Kondisyon Kalifikasyon pou Pwopriyetè yo

- Pwopriyetè yo dwe an règ avèk Vil Boston
- Pwopriyetè yo dwe anrejistre pou yo vin Vandè nan Vil Boston
- Pwopriyetè yo dwe siyen [Kontra Komèsyal Pwopriyetè/Lokatè](#)

Pou plis enfòmasyon ak asistans siplemantè, tanpri vizite:

- Sitwèb Fon Soulajman Lwaye Komèsyal pou COVID-19 la nan: **boston.gov/commercial-rent-relief**

- Kontakte ekip nou an nan smallbiz@boston.gov.